

Enfòmasyon Pou Fanmi Sou Sekirite Lekòl

Lekòl Piblik Cambridge ap fè tout efò l pou bay yon bon anviwònman ki sipòte devlopman edikasyonèl. Men, ensidan deyò oubyen anndan yon lekòl ka mande aksyon dijans. Bilten sa a bay enstriksyon enpòtan sizonka ta gen yon ijans nan lekòl pitit ou. Tanpri, li enfòmasyon enpòtan sa a avèk atansyon, pale avèk pitit ou, answit, sere fèy papye sa a kòm referans ak mete l yon kote pou ka jwenn li rapidman.

Etap Aksyon Paran/Reskonsab

- Pa bliye kenbe kontak enfòmasyon nan dosye lekòl la toujou kouran anka dijans. Nan enfòmasyon sa an tre kay ou, travay ou, ak nimewo telefòn selilè tout paran/reskonsab.
- Etidyan lekòl segondè/*high school* yo dwe bay “Dean” Ofis la nimewo telefòn selilè yo.
- Pa bliye bay, pou dosye lekòl la, non moun ki otorize pou vin chache pitit ou lekòl.
- Si pitit ou gen yon kondisyon medikal oswa li obligatwa pou l pran medikaman, tanpri pale avèk enfimyè lekòl la. Enfòmasyon an ka enpòtan anpil lè gen yon ijans.

Pwosede Dijans Nan Lekòl Piblik Cambridge

- **Evakyasyon.** Etidyan ak anplwaye yo kite bilding lekòl la rapidman si gen yon pwoblèm anndan lekòl la. Si etidyan yo dwe rete deyò bilding nan, yo ka mete yo nan yon lòt cheltè (gade lis nan kolòn adwat la).
- **Fèmen Lekòl la.** Etidyan yo pwoteje kont menas nan bilding lekòl la lè yo rete an silans anndan sal klas fèmen kote moun pa wè yo.
- **Sekirite.** Etidyan yo rete nan bilding nan si sekirite yo menase deyò lekòl la. Pòt deyò yo ap gen pwoteksyon men aktivite anndan lekòl la ap kontinye nòmalman.
- **Refij-Sou-Plas.** Etidyan yo ap pran refij nan bilding lekòl la si gen danje tankou pwodui chimik ki blayi okoz yon aksidan ki fèt toupre lekòl la. Etidyan yo gen dwa rete nan bilding nan si gen move tan nan zòn nan.
- **Pwosesis Reyinifikasyon.** Touswit aprè yon ijans, pwosesis reyinifikasyon etidyan/fanmi ka itilize. Paran, responsab ki te avèti davans ap gen dwa pou vin chache timoun nan avèk bon kat didantite ki soti nan leta.

Si gen yon ijans nan lekòl la:

- **Tanpri, PA vini lekòl la!** Si tout paran vin lekòl la, sa ka konplike blokis ozalantou lekòl la ak ralanti mouvman machin dijans yo.
- **Tanpri PA rele lekòl la!** Y ap sèvi avèk sistèm otomatik Distri a pou avèti n ak bay enstriksyon.

Refij Pou Evakye Lekòl yo

Amigos

Lekòl Morse, 40 Granite St.

Lekòl Maria L. Baldwin

Lekòl Graham & Parks, 44 Linnaean St.

Lekòl Cambridge Rindge & Latin

Day care to Fire HQ; Functional Academics to Media Arts Center (454 Broadway), tout lòt nan Harvard University

Cambridgeport

Fletcher Maynard Academy, 225 Windsor St.

Fletcher-Maynard Academy

Cambridgeport, 89 Elm St.

Graham & Parks Alternative School

Lekòl Baldwin, 28 Sacramento St.

Lekòl Haggerty

Sant Jenn Sheila Doyle Russell, 680 Huron Ave.

Kennedy-Longfellow ak Putnam Avenue Upper

King Open, 850 Cambridge St.

King Open ak Cambridge Street Upper

Lekòl Kennedy-Longfellow, 158 Spring St.

Martin Luther King, Jr. ak Pwogram Ekstansyon Lekòl Segondè

Cambridge Rindge & Latin, 459 Broadway

Lekòl Morse

Pwogram Ekstansyon Lekòl Segondè, 15 Upton St.

Peabody ak Rindge Avenue Upper

Lekòl Graham & Parks, 44 Linnaean St.

John M. Tobin/Tobin Montessori ak Vassal Lane Upper

Sant Jenn Sheila Doyle Russell 680 Huron Ave. (Lekòl Haggerty sou rezèv)

Pou Plis Enfòmasyon

Vizite “website” Lekòl Piblik Cambridge pou enfòmasyon sou sekirite k prepare espesyalman pou paran, responsab, etidyan, ak lòt moun. “Website” la bay plizyè kote pou jwenn bon enfòmasyon pou garanti sekirite an jeneral ak sekirite pou pwòp pitit ou.



Cambridge Public Schools
159 Thorndike Street,
Cambridge MA 02141
(617) 349-6400 www3.cpsd.us

